# БОЗАТАЎДА: “ЖАСЛАР 1+1” ДӘСТҮРИ ӘМЕЛДЕ

Президентимиз Ш.Мирзиёев 2020-жылдың 25-декабрь күни өткерилген Өзбекстан Жаслары форумында жасларда мотивация, бизнес ҳәм исбилерменлик тараўында зәрүр билим ҳәм көнликпелерин қәлиплестириў керек екенлигин атап өтти.

Image not found or type unknown

Сол арқалы оларды исбилерменликке кең түрде тартыў ҳәм бәнтлигин тәмийинлеў бойынша “Ҳәр бир исбилермен-жасларға ғамхор” басламасын қоллап-қуўатлаўда ҳәм усы баслама арқалы аймақлардағы жумыссыз жасларды өнерге  ҳәм исбилерменликке оқытыўды тәмийинлеў менен бир исбилерменге бир жумыссыз жасты бириктириў арқалы олардың бәнтлигин тәмийинлеў ўазыйпасы қойылды.

Бүгин райондағы Жаслар орайында “Жаслар 1+1” дәстүри тийкарында жумыссыз ҳәм жәмлеспеген жасларды  тәжирийбели исбилерменлерге бириктириў бойынша ушырасыў болып өтти.

Онда район ҳәкими М.Қайпанов дәстүрдиң мазмун-мәнисин жасларға ҳәм исбилерменлерге түсиндирип өтти. Сондай-ақ, усы арқалы районда жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеўге ерисиў ҳәм оларда исбилерменлик көнликпелерин пайда етиў мүмкиншиликлерине айрықша тоқталды.

Image not found or type unknown

Өткерилген ушырасыў даўамында ҳәр бир исбилермен өзлерининиң аймақларындағы жумыссыз жасларды имканият дәрежесинде жумыс пенен бәнтлигин тәмийинлеўге жәрдем беретуғынлығын мәлим етти.

Бозатаў районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети